



Pou Piblikasyon Imedya: 29/05/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN SEZON NAVIGASYON BISANTENÈ
KANAL ERIE A AVÈK ENVESTISMAN AK VIZYON POU PWOCHÈN SYÈK
OPERASYON LI**

*Angajman anvè vwa navigab la pou asire li rete yon destinasyon k ap pwospere
pou lwazi, touris, devlopman ekonomik, komès ak kilti*

Finansman asire pou enfrastrikti esansyèl Kanal la

*Konsè sou Bò Kanal la ak Òkès Senfoni Albany ansanm ak plizyè santèn aktivite
kominotè ki gen pou fèt sou Koridò Kanal la*

*Kolaborasyon ak Patnè Gouvènman Eta Nouyòk, WMHT-TV, Sant Maritim Buffalo
ak Ti Biznis Lokal yo ap ofri pwogram ak pwodui ki gen tèm Kanal Erie a*

Afich komemoratif ofisyèl bisantenè Kanal Erie a disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse Eta Nouyòk ap kontinye investi nan sistèm Kanal Eta Nouyòk (New York State Canal system) la gras ak yon alokasyon 50 milyon dola nan bidjè ane fiskal 2026 la ki fin apwouve a, pandan sezon navigasyon Bisantenè Kanal Erie a kòmanse. Finansman kapital eta a mete disponib, ki se dezyèm lan nan de ane, vin ranfòse investisman anyèl ki fèt pou fonksyonman ak antretyen debaz vwa navigab la pa Otorite Enèji Nouyòk (New York Power Authority) ak Kòporasyon Kanal Eta Nouyòk (New York State Canal Corporation). Li sipòte vizyon Komisyon Kanal Rekreyatif la mete sou pye nan [Plan Kanal Rekreyatif 2050](#) yo pibliye dènyèman.

"Gouvènè DeWitt Clinton se moun ki te pran merit pou reyalize Kanal Erie a, men mwen ta renmen pran merit nan kenbe l vivan 200 zan apre, nan bay finansman san parèy pou asire sistèm Kanal la rete an sekirite, fonksyonèl, epi yon motè pou touris ak aktivite ekonomik," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou sipòte enfrastrikti esansyèl sistèm Kanal la, ki gen kèk pati ki sòti depi nan 19yèm syèk la, nou ap asire rezo dlo navigab ak santye sa a kontinye bay sipò pozitif pou moun k ap vin detann yo oswa fè biznis isit la, ansanm ak plis pase 200 kominote nan nò eta Nouyòk ki ap devlope nan koridò Kanal la."

Apwopriyasyon 50 milyon dola ki nan bidjè ane fiskal 2026 la genyen ladan li finansman pou sipòte reyabilitasyon baraj rezèvwa 19yèm syèk la, yon baraj tè ki gen gwo risk epi ki kenbe dlo pi wo pase yon kominote ki toupre, ansanm ak pòtay an asye ki ansyen ak lòt estrikti kontwòl dlo sou sistèm Kanal la ki fèt pou pwoteje lavi ak byen ki sitiye nan direksyon dlo a ap koule desann. Investisman sa a nan enfrastrikti prensipal kanal la asire vwa navigab la rezistan, li sipòte divès bezwen kominote li travèse yo, epi li kontinye rete yon motè devlopman ekonomik pandan l ap kòmanse twazyèm syèk operasyon li.

Prezidan Konsèy Administrasyon Otorite Enèji Nouyòk la, John R. Koelmel, te deklare, "N ap fè envestisman istorik nan sistèm Kanal la pou asire enfrastrikti li solid; pwogramasyon li inovatè ak enteresan; epi pou tout efò nou yo pèmèt kanal dlo sa a rete ap fonksyone yon fason kontinyèl pou de syèk k ap vini yo. N ap travay pou nou genyen yon Sistèm Kanal ki se yon resous ki dinamik, dirab pou moun Nouyòk yo ak pou pi lwen toujou."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji Nouyòk la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Nou angaje nou pou n transfòme Kanal Erie a an yon modèl enfrastrikti dirab ki respekte istwa rich li e ki garanti plas li nan yon lavni pwospè, rezistan, ak enklizif pandan pwochen de syèk yo pral itilize l yo."

Ane 2025 lan make 201yèm sezon kontinyèl navigasyon sou sistèm Kanal la ansanm ak biaantenè ouvèti Kanal Erie orijinal la nan dat 26 oktòb 1825. Sipòte pa Komisyon Bisantenè Kanal Erie (Erie Canal Bicentennial Commission) a, koridò kanal ki soti Albany rive Buffalo a pral chaje ak aktivite ane sa a, tankou konsè, festival, pèfòmans teyat, ak plis ankò. Lè kominote ak òganizasyon yo reyini pou selebre etap enpòtan sa a, enfòmasyon sou tout aktivite sa yo disponib nan yon kalandriye entèaktif Erie Koridò Patrimwàn Nasyonal Kanal (Canalway National Heritage Corridor) la òganize. Ou ka jwenn lyen pou kalandriye a [isit la](#).

Premye Mesye ak Ko-Prezidan Komisyon Bisantnè Kanal Erie, William J. Hochul Jr., te deklare, "Mwen pase anpil èdtan ap vwayaje sou sistèm kanal Eta Nouyòk la e mwen te pwofite chak minit. Se te yon gwo onè pou m travay sou aktivite komemoratif ki selebre istwa ekstraòdinè Kanal yo, pandan m ap prepare chemen pou lavni. Lè nou kòmanse sezon navigasyon 2025 la, mwen pa ka tann pou m wè tout efò nou yo, ki pran plizyè mwa pou prepare, vin reyalize nan anpil vil ak lokalite ki pataje aksè ak Kanal yo."

Direktè Kòporasyon Kanal Eta Nouyòk ak Ko-Prezidan Komisyon Bisantnè Kanal Erie, Brian U. Stratton, te deklare, "Depi 2017, kòmansman peryòd bisantenè sa a, nou travay di pou asire nou onore okazyon sa a kòm sadwa. Efò nou yo te varye soti nan sipò pou evènman jiska kreye yon plan solid pou pwochen 25 ane operasyon Kanal yo, ansanm ak fè anpil efò pou asire enfrastrikti nou an nan bon kondisyon epi an sekirite. Objektif final la se yon Kanal Erie k ap pwospere, ouvè pou navigasyon kontinyèl, pou tout kominote li travèse yo, epi pou tout moun ki vin pase tan lwazi isit la."

Mwa jiyè sa a, Albany Symphony, ki genyen de pri GRAMMY, ansanm ak Otorite Enèji Nouyòk ak Kòporasyon Kanal Eta Nouyòk la, pral prezante yon seri senk konsè gratis toupatou sou sistèm Kanal la. Eksperyans mizikal sa a, yo rele "[Water Music NY](#)", ap fèt nan Medina, Seneca Falls, Utica, Fort Plain, ak Schuylerville, ak chak konsè ki konpoze espesyalman pou kominote ki sou kanal kote evènman an ap fèt yo. Seri mizik la pral eksplòre tèm sa yo: lanati, anviwònman an ak kominote kontanporen sou Kanal Erie; manje ak istwa moun atravè mond lan ki rele Utica, yon kominote enpòtan sou Kanal Erie, lakay yo kounye a; mizik ki rann omaj a plizyè kalite istwa fanm sou Vwa Navigab yo; eritaj Endijèn; ak eksperyans moun ki te esklav ki te lite pou libète nan Chemennfè Klandesten an. Konsè ane sa baze sou pwogram "Water Music NY: More Voices" (Mizik Bò Dlo: Plis Vwa) ane pase a ki te konsantre sou eksplòre vwa ki mwens reprezante yo, tankou fanm, imigran, moun koulè, ak pèp endijèn.

Direktè Mizik Senfoni Albany (Albany Symphony) an, David Alan Miller, te deklare, "Pandan Kanal Erie ap pwoche twazyèm syèk operasyon li, nou kontan anpil pou nou kòmanse yon gwo nouvo avanti avèk bèl patnè nou yo nan Kòporasyon Kanal Eta Nouyòk la. Nan atant sezon bisantenè enpòtan Kanal Erie a, nou angaje senk konpozitè ekstrawòdinè ki plonje nan senk bèl kominote bò kanal yo e ki kreye nouvo travay vizyonè pou òkès nou an ak kolaboratè kominotè nou yo, pou eksplòre istwa dinamik ak kilti gwo eta nou an. Nou pa ka tann pou nou selebre ak plizyè milye rezidan ak vizitè nan festival gratis ki dire tout jounen, ki gen ladan manje ki gou, aktivite amizan deyò, eksplorasyon istorik, ak atizay ki adapte pou fanmi, ki ap fini ak bèl konsè òkès k ap prezante nouvo bèl travay nouvo sa yo. Nou espere mizik nou an pral ankouraje dyalòg, louvri lespri, epi enspire tout moun pou yo viv epi apresye bèl sistèm kanal ki koule atravè eta nou an, ki se yon pati enpòtan nan pase, prezan, ak lavni Eta Nouyòk."

Nan mwa septanm, [Konferans Kanal Mondyal 2025 \(2025 World Canals Conference\)](#) yo pral fèt nan Buffalo nan kad komemorasyon bisantenè a. Evènman chak ane sa a, ki fèt nan plizyè kote atravè mond lan, reyini plizyè santèn moun ki renmen kanal ak wout navigab anndan yo, pwofesyonèl ak entelektyèl atravè mond lan pou aprann sou yon varyete sijè ki gen rapò ak kanal yo. Otorite Enèji Nouyòk, Kòporasyon Kanal Eta Nouyòk, ak Koridò Eritaj Nasyonal Kanal Erie, an patenarya ak Kòporasyon Devlopman Pò Kanal Erie (Erie Canal Harbor Development Corporation) ak Vizit Buffalo Niagara, se esponsò konjwen epi yo pral kowòdone tout aspè konferans lan.

Lè Konferans Mondyal Kanal yo fini, *Seneca Chief*, yon repwodiksyon bato orijinal Kanal Erie ke Gouvènè Eta Nouyòk DeWitt Clinton te itilize pou vwayaje soti Buffalo rive nan pò Nouyòk an 1825, pral kòmanse vwayaj li pou rekreye premye vwayaj sa a. *Seneca Chief* pwograme pou rive nan pò Nouyòk nan dat 26 oktòb, anivèsè ofisyèl finisman Kanal Erie a. Kreye epi konstwi pa [Sant Maritim Buffalo \(Buffalo Maritime Center\)](#), yo rekonèt pwojè sa a kòm youn nan pi gwo efò konstriksyon bato kominote a nan tout mond lan. *Seneca Chief* pral fè ti kanpe nan plizyè kominote toupatou sou Kanal Erie ak Rivyè Hudson, avèk aktivite komemoratif nan chak ti kanpe.

Pou asire yon narasyon pi konplè sou istwa Kanal Erie ak eritaj li ki dire lontan nan ane bisantenè sa a, Otorite Enèji Nouyòk, Kòporasyon Kanal Eta Nouyòk ak Medya Piblik

WMHT te fè yon patenarya pou kreye yon inisyativ plizyè platfòm ak plizyè medya, yo rele "[Refleksyon sou Kanal Erie](#)" ([Reflections on the Erie Canal](#)), ki te lanse prentan sa a avèk difizyon yon seri dokimantè 10 pati chak semèn. Seri a ap fini ak yon dokimantè orijinal ki dire inèdtan, ki pral fè premye parèt li mwa septanm sa a nan Konferans Mondyal Kanal yo nan Buffalo. Anplis seri dokimantè a, nouvo kontni te kreye pou sal klas atravè Nouyòk.

Finalman, pou onore bisantenè Kanal Erie a, Kòporasyon Kanal Eta Nouyòk la te mande atis Dr. Tyler Nordgren pou kreye yon afich ki kaptire 200 ane istwa ekstrawòdinè vwa navigab sa a, ansanm ak lavni li. Ou ka jwenn foto a [isit la](#). Enfòmasyon sou fason pou jwenn kopi afich gwosè reyèl la ap disponib pou piblik la nan semèn k ap vini yo.

Anplis efò ki mansyone pi wo a, plizyè ajans ak biznis nan Eta Nouyòk ap ofri pwodwi ki gen tèm Bisantenè Kanal Erie, tankou:

- **Depatman Veyikil ak Motè Eta Nouyòk (New York State Department of Motor Vehicles)** – [Plak Imatrikilasyon Bisantenè Kanal Erie \(Erie Canal Bicentennial License Plate\)](#)
- **Biwo Sèvis Jeneral Eta Nouyòk (New York State Office of General Services) la** – Yon ekspozisyon foto ak tèm Kanal Erie nan Empire State Plaza nan Albany
- **Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk (New York State Department of Agriculture and Markets)** – Ekspozisyon ak tèm Kanal Erie nan Gwo Fwa Eta Nouyòk 2025 la
- **Divizyon Lotri Eta Nouyòk (New York State Division of the Lottery)** – Plan yo ap dewoule pou yon bagay espesyal, ki pral anonse ete sa a
- **Stewart's Shops ki baze nan Saratoga Springs** – Krèm glase "Minted in 1825" disponib nan lokal k ap patisipe yo nan tout Rejyon Kapital la, Vale Mohawk ak zòn Syracuse.
- **Big Ditch Brewing Company ki nan Buffalo** – Yon byè ak tèm Kanal Erie pral disponib byento nan kèk lokal yo chwazi nan Lwès Nouyòk kote yo vann Big Ditch

Sekretè Deta Eta Nouyòk la, Walter T. Mosley, te deklare, "Pandan tout istwa li, Kanal Erie a te kreye epi devlope vil ki baze sou kanal yo, e li te ouvè eta ak nasyon nou an a posiblite ekonomik san fen. Lè nou make 201yèm sezon navigasyon kontinyèl Kanal Erie a epi prepare pou selebrasyon bisantenè k ap vini otòn sa a, mwen kontan wè kijan kominote Kanal nou yo pral kontinye sèvi ak eritaj ak istwa inik yo kòm yon katalizè pou kwasans ak reyamenajman nan lavni."

Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "De san ane apre ouvèti li, Kanal Erie a toujou yon motè pou touris ak aktivite ekonomik. Pandan n ap selebre Bisantenè nan ete sa a, gen anpil opòtinite pou vizitè yo aprann sou kanal la, swa lè yo patisipe nan ekspozisyon enteresan 'Vwa Navigab Chanjman' (Waterway of Change) sou Bò Kanal nan Buffalo, swiv vwayaj *Seneca Chief* atravè Eta Nouyòk, oswa koute konsè kominotè ki gen mizik ki enspire

sou listwa. Grasa Gouvènè Hochul ak investisman nan enfrastrikti Kanal Erie a, vwa navigab anblematik sa a pral selebre pandan pwochen 200 ane yo."

Komisyone Biwo Pak, Rekreyasyon, ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation, and Historic Preservation) Pro Tem Randy Simons te deklare, "Pandan n ap selebre bisantenè Kanal Erie a, nou onore yon eritaj ki transfòme Eta Nouyòk ak nasyon an. Eksplòre Kanal la se yon vwayaj inik nan istwa ak inovasyon premye Amerik la, pandan kanal la kontinye konekte moun atravè bèl chemen li yo, wout dlo ki plen lavi, ak vil istorik li yo. 200yèm anivèsè a sèvi kòm yon rapèl sou valè dirab pou prezève eritaj nou pandan nou kontinye akeyi Kanal la kòm yon destinasyon rekreatif, kiltirèl, ak istorik pou jenerasyon k ap vini yo."

Istoryen Eta Nouyòk, Devin Lander, te deklare, "Konstriksyon Kanal Erie a te yon travay konplèks ki gen gwo enpòtans. Li te mande plizyè milye travayè ak plizyè dizèn enjenyè, e li te bay yon pwojè travay piblik ki te depase tout sa nasyon an te janm wè nan epòk la. Li te louvri Eta Nouyòk bay lwès la epi louvri lwès la bay Amerik la. Lè tout bagay te fini, nou ka di Empire State te fèt sou do yon bato kanal."

Direktè Egzekitif Koridò Eritaj Nasyonal Vwa Kanal Erie a, Bob Radliff, te deklare, "Kanal Erie a te transfòme Eta Nouyòk e li te gen yon gwo enpak sou nasyon an. Nou espere ane anivèsè espesyal sa a ap envite tout moun dekouvri eritaj ekstrawòdinè kanal Nouyòk la epi jwi tout sa wout dlo sa a ofri jodi a."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "200 ane sou Kanal Erie a! Selebrasyon bisantenè sa a se yon opòtinite pou nou reflechi sou istwa kanal la, wòl li te jwe nan konstriksyon kominote nou an, epi enpak li toujou genyen chak jou sou touris ak navigasyon. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li nan pwomosyon istwa ak aktivite lwazi kanal la nan tout kominote kanal yo. "

Manm Asanble Bill Magnarelli, te deklare, "Kanal Erie se yon eleman istorik anblematik nan rejyon Sant Nouyòk la. Investisman Gouvènè a nan Kanal Erie pral ede li kontinye jwe yon wòl nan touris, devlopman ekonomik, ak istwa lavni nan eta nou an."

Sistèm kanal Eta Nouyòk la pral fonksyone chak jou pandan sezon navigasyon sa a jiska lendi 3 novanm 2025.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)